Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№49-50
( 9499-9500)

2013 соналъул
5 июль

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ЖАКЪА ХИНГО БУГОНИГИ, ХАСЕЛГИ РИКIКIАД ГЬЕЧIО



*Гьал къоязда редакциялде щун вукIарав райгазалъул нухмалъулев ШагIман Камиловасда нижеца гьарана цо чанго суалалъе жаваб кьейилан.*

*Гьесулгун нижер мухбирасул букIараб гара-чIвари лъолеб буго жакъасеб номералда.*

***-ГIемераб заман буго районалъул тIолалго росабиги ва тIоцебесеб иргаялда райцентргун микрорайонги газалдалъун хьезарилилан хъулалда халкь бугелдаса. Мисалалъе,абулеб букIана араб соналъул 15 декабралде Микрорайоналдеги Болъихъ росулъеги газ бачIине бугилан. Амма бачIинчIо.***

***Бокьилаан дуца чIванкъотIун абизе:щай гIадамазул рукъзабахъе газ бачIунареб ва кида бачIине бугеб?***

-ГIемерал гIиллаби руго гьелъие. Цо бугони, субподряднияр организацияз гьарурал хIалтIаби руго щвалде щвечIел, ай гIемерал гьалатIал ругел. КIиабилеб ва кIвар бугеб гIилла-абоненталгьечIолъи, ругезги бухIараб газалъухъ гIарац кьунгутIи.

ХIакъикъаталдаги, декабралда Микрорайоналда газ биччалин рагIи кьун букIана гIадамазе. Гьелъие кинабго хIадурлъиги гьабун букIана, амма жидехъе газ бачарав 42 чиясда гьоркьоса гIицIго 4-5 чи вачIана гIарац кьезе. РачIинин, тIубалин, гIарац кьелин абулеб буго, амма киназего бокьулеб буго чIобого газалдаса пайда босизе. Гьедин букIунаро. Токалъухъго гIадин, газалъухъги гIарац кьезе ккола.

***-Кьоларезул къотIеха, кьолезе газги биччан.***

-Гьеле, гьедин гьабуна дагъаб цебегIан нижеца Микрорайоналъул гьоркьиб рахъалда. Амма пикру гьабунани:щай гIадамазе газ къотIиги, кIиазарго гъурщие гIакIа лъейги, тIадежоялъе цIидасан газ биччаялъухъ 1800 гъурущ кьейги? БухIараб газалъухъ счетчикалда рекъон гIарац кьуниго бергьине гьечIищ бокьарав чи.

***- Цо-цояз абулеб буго жидее газ хираго чIолила, токги бухIун рахIаталда рукIинилан.***

-Токги бухIун, рахIаталда хутIизе рес гьечIо, хасго хасалил заманалда. ЦIоб тун, Аллагьасукьаги гIадамазукьаги хIинкъичIого, ток бикъулеб бугони, батIияб жо буго, амма цIогьор рахIаталда вукIуна заманаялъе. Хадуб цо къоялъ къахIан ккунани, инсул рукъ бухIизабула пакъирасул. Нужецаго хIисаб гьабеха: тIубараб хаселалъ токалда хIалтIулеб отоплениялъухъ кигIан гIарац унебали.

Ахир 2-аб.гьум.

## ГIОЛИЛАЗУЛ ФОРУМ ТIОБИТIАНА

26-27 июналъ Болъихъ тIобитIана «Дети гор» абураб районазда гьоркьосеб гIолилазул форум. Гьеб гIуцIун букIана Болъихъ районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасул ва ЦIумада, ГIахьвахъ районаздаса гIолилазул 100 гIанасев вакилас. Рехсараб тадбиралъулъ гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев, районалъул администрациялъул



ДРялъул ХалкъияБ собраниялда цебе бугеб гIолилазул парламенталъул член Руслан ХIамзатовасул хIаракаталдалъун. Форумалда гIахьаллъи гьабуна Болъихъ, Хунзахъ, Гумбет, бетIер ЛабазанхIажи Балдугъов, депутатазул собраниялъул председателасул заместитель МухIамаднаби ГIумаров.

Гьединго нилъехъе гьоболлъухъ рачIун рукIана ДРялъул Печаталъул ва бухьеналъул министрасул заместитель Миясат Муслимова ва ДРялъул хIукуматалъул бетIерасул советник Марина Садыкъова.

Дандеяъи рагьулаго, МухIамад ПатхIулаевас тIоцебесеб иргаялда салам кьуна тIолалго гIахьалчагIазе ва тIаде рачIарал гьалбадерие.

-Дир ракIчIараб буго, экономикияб, социалияб. РухIияб цебетIей гIолилазул гIахьаллъи гьечIого букIине рес гьечIолъиялда. Районалда цониги масъала тIубазе кIоларо, гIолилазул гIахьаллъи гьечIого. Гьединаб форумалъ рес кьола гIолилазе кIвар бугел суалал рорхизеги, цадахъ рекъон нухал ралагьизеги, ратизеги Нижеца хIисабалде росизе руго нужеца кьурал предложениял,загьир гьарурал мурадал, рихьизарурал гIунгутIаби. Ва ниж хIадурал руго, нужеда цадахъ лъугьун, цере лъурал суалазда тIад хIалтIизеги ва гьел гIумруялде рахьинариялъе нухал ралагьизеги.

Ахир 5-аб.гьум.

## Редакциям муниципальных газет (по списку)

В соответствии с поручением заместителя Председателя Правительства РД Ш. Шарипова № 17-37 от 05.06.2013 г. сообщаем, что Ассоциацией аграрных журналистов России при поддержке Министерства сельского хозяйства РФ и Федерального агентства по печати и массовым коммуникациям объявлен Всероссийский конкурс журналистов и средств массовой информации «Аграрный пульс страны».

**К участию в конкурсе приглашаются журналисты региональных, городских и районных газет и журналов, интернет-порталов. телекомпаний, а также издания, молодежные редакции и студии высших учебных заведений, освещающие вопросы развития агропромышленного комплекса и сельских территорий.**

В целях привлечения к участию в конкурсе максимально широкого круга граждан рекомендуем разместить информацию о конкурсе «Аграрный пульс страны» в удобном для вашего СМИ формате, а также способствовать участию в нем ваших журналистов.

Положение о конкурсе. Заявка на участие и другие необходимые документы размещены на официальном сайте Министерства печати и информации РД www.ru press. ru: в разделе «Гранты и творческие конкурсы».

**Министр У. ГАДЖИЕВ.**

# ЖАКЪА ХИНГО БУГОНИГИ, ХАСЕЛГИ РИКIКIАД ГЬЕЧIО

Авал 1-себ.гьум.

Гьеб гуребги, отопление лъурав чияс мунагь босулеб буго цогидав нус-нус чиясулги-гьезул рукъзабахъе канлъиги дагь гьабун. Къуватал радиатороазул ва цогидалги токалъул алатазул бицинего бицинаро.

Рагъулаб шагъар баялъул хIасилалда гурони, гIумруялъ газищ нилъеда бихьизе букIараб?

**-ШагIман, гIемерал харбал руго халкъалда гьоркьор газ рокъобе бачиналъухъ кьезе кколеб гIарцул къадаралда тIасан. Цояз абулеб буго 50 азарго гъурущилан, цогидаз 30 азарго, цо-цоял чIун руго В.Путиница чIобого бачине рагIи кьураб газалъухъ жидеца гIарац щайила нужее кьезе кколин.Гьединлъидал кIоларищ чIванкъотIун абизе-газ бачине ккани чияс кьезе кколин пуланабги пуланабги хIалтIухъ пуланаб къадар гIарцулилан.**

-Путиница рокъо-рокъобе газ бачине рагIи кьечIо. Рокъобе газ жалго бетIергьабаз бачине ккола. Дагъистаналда кибниги гьечIо, Болъихъ ва ЦIумадаги гIадин, авалаздеги рукъзазде аскIобеги чIобого газ бачараб бакI.

Шамхалалда, Ленинкенталда, Хважалмахиялда ва цогидалги бакIазда гIадамаз, жидецаго гIарцалги ракIарун бачунеб буго къватIаздеги авалаздеги газ.

Газ бачиналъул руго гIаммал роценал, ООО «Дагъистансервисалъ» тIолабго республикаялъего чIезарурал.

Нилъер гьаниб рокъобе газ бачун чиясул ине буго гIагашагарго 20 азарго гъурущ.

Мисалалъе, Ставрополалда рокъобе газ бачун чиясул 100-150 азарго гъурущ уна. Северияб Кавказалъул цогидал регионаздаги гIемерго хира чIола гьеб гIадамазе. Москваялдайин абуни, гьеб къадар 350-500 азарго гъурщиде бахуна.

***-Газ бачине ккани, гIадамазе хIажалъулел документазул сияхI рехсезе кIоларищ дуда?***

-Кутакалда кIолеб.

1. Справка о домовладении
2. Справка о составе семьи.
3. Копия паспорта
4. Справка пожарника

Ункъабилеб справка хIажалъула отопление бачунев чиясе, ай печь ва кIкIуйдул тIалу (дымоход) данде ккола тайпаялъул ругищали хал гьабула пожарниказ.

ГьабсагIат рии бугониги, лъачIого заманги боржун, ракIалдаго гьечIого рагьдухъ чIун батула хасел. Цо къоялъ гьабулеб хIалтIиги гурелъул, хинго букIаго байбихьизе ккола газ бачиналъул хIалтIаби. Проект бахъизе ккола, специалистал ритIизе ккола кинабго жо борцизе, лъутIакьотIизе.

ХIаракатал бутIрулги гъункараб жамагIатги бугеб бакIалда рехсараб суал лъикI унеб буго.

***-Гьелда бан цо суал. Зило росулъ бугеб газ, мисалалъе, щай гьечIеб ГIашалиб, КIижаниб, РикIваниб, ай гьезда мадугьалихъ ругел росабалъ?***

***Зилдерил бегавулги жамагIатги лъикIал рукIунищ яги батIиял гIиллабийищ гьелъие?***

-ХIакъикъаталдаги, рехсараб росдал бетIерасулги гIадлияб жамагIаталъулги чIаголъиялъ рес кьуна 129 чиясул рокъобе газ бачине. КIудияб баркала зилдерил жамагIаталъеги администрациялъеги.

КIижани росулъги квеш гьечIо иш. 36 чи вуго гьенивги проекталги хIадурун. Счетчикалги лъун, рес буго хасалиде газ бачине. ГIарац кьеялъул суал тIубанго рагIалде бахъун гьечIолъиялъ ккана гьениб цо дагьабго квекIен.

ГIашали росдал жамагIатгун ва администрациялъул хIалтIухъабигунги букIана дир дандчIвай. Зилдериего гIадин, нужееги газ бачине бокьун бугин абидал, дагьабго цоцада ричIчIунгутIи ккана нижер, гIарац кьеялда тIасан. Хираго бугила, газ бачиналъухъ гIарац кьезего кколарила,киназулго кIалдиб ругьунаб Путиница газ чIобого бачине рагIи кьун букIинчIищила ва гь.ц. пикраби загьир гьаруна гIашалдерица.

***-КиналгIаги хIалтIаби байбихьичIел росаби ругищ районалда?***

-КигIанго бокьичIониги, руго. Масала, ГIанди, Гъодобери, Чанхъо, Хелекьури, РахатIа, ГIашино. Рехсарал росабазул бутIрузул ва жамагIатазул хIаракаталда ва чIаголъиялда бараб буго гьенибе газ бачIин. Рехсарал росабазул гIадамазда лъан букIине: нижеда бан хадуб бехъерхъун хутIараб жо гьениб гьечIо.

***-Учреждениязул, организациязул рес бугищ газ бачине?***

- Щай букIунареб, буго. Амма гьезие хIажалъулел документазул сияхI дагьаб халатаб буго. ТIалабалги цIикIкIарал руго,гIарцул къадарги гIемераб буго, гIадамазеялдаса..

***-Нужер контора бугищ,кир рачIине бегьулел гIадамал яги учреждениязулгун организациязул вакилзаби мухIканал баяназда хадур?***

-Нижер контора буго Микрорайоналда, цебе букIараб КБОялъул минаялъул кIиабилеб тIалаялда. Киналго баянал щвезе руго сагIат 9-ялдаса сагIат 5 тIубазегIан нижер контораялде рачIани яги гьаб телефоналде ахIани:**2-22-96**. ГIодоркьоял ккола -шамат ва гьатIан.

***-Абонентазул отдел бугебищ, гьеб нужер мутIигIлъиялдайищ букIунеб яги жибго жиндаго чIараб идарайищ?***

-Абонентазулаб отдел буго жибго жиндаго чIараб организация. ГьабсагIаталда гьеб т1убараб къуваталда хIалтIулеб гьечIо, гьединлъидал абонентаз жидецаго бухIараб газалъухъ гIарац кьезе ккола почалде.

***-Чан район нужеда хадуб бухьинабураб ва щиб ахIвалхIал гьениб бугеб газалъул рахъалъ?***

-Нижеца хъулухъ гьабула кIиго районалъе-Болъихъ ва ЦIумада.

Ахирал моцIазда хIалтIи чIаголъана ЦIумада районалдаги. Мисалалъе, ГьигьалъгIурухъги Гьигьалъги раккана тIоцересел абонентал. Баркала хIаракатаб хIалтIи халкъалда гьоркьоб гьабурал росдал бутIрузеги живго районалъул бетIерасеги.

**-Дур рес буго газеталъул гьурмаздасан нилъерго районалъул гIадамазде хитIаб гьабизе…**

-Газ бачин буго хважаинасе бокьун гьабулеб хIалтIи.

Печь бакилин ракIалде ккарас, чанго тонна тIорччолги босе,чанго кубометр цIулалги хIадуре, хадуб жиндиего бокьараб куцалда рукъзалги роркьизаре.

Газ бокьарас газ баче, ток учузго чIелин ракIалде ккарав гьелдаги хIебтIеха. Кинаб къагIида тIаса бищулебали ва сундаса жиндие пайда бугебали рукъалъул бетIергьанасда лъазе ккола.

Дирго пикруялда рекъон, хьахIилаб цIатари гIемерго санагIатаби учузаби буго.

**-ШагIман,баркалалъикIаб гара-чIвариялъухъги мухIканал баяназухъги.**

**Гара-чIвари гьабуна ГIумахан ГIумахановас.**

# РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСУЛ 90 СОНИЛАБ ЮБИЛЕЯЛДЕ

Дагъистаналъул халкъияв поэт ва исламияв гIалимчи ЦIадаса ХIамзатил Расул, СССРалдаги гьанже Россиялдаги гуребги дунялалдагоги машгъурав поэт ва общественнияв хIаракатчи гьавуралдасан исана 8 сентябралда тIубалеб буго 90 сон.

Гьеб кIодо гьабиялде хIадурлъи гьабулеб буго Дагъистаналда гуребги Россиялдагоги, СССРалда гьорлъ рукIарал пачалихъаздаги ва гьел гурел цогидал улкабаздаги.

Гьеб юбилеялде хIадурлъи гьабулаго Дагъистаналда ва гьелдаго цадахъ нилъер районалдаги тIоритIулел руго цIар рагIарав ва дунялалдаго цIар рагIарав ва Дагъистаналъулги цIар рагIинабурав гьев поэтасул творческияб гIумруялда хурхарал тадбирал. Библиотеказда ва цогидалги культураялъул учреждениязда тIоритIулел руго поэтасул асараздаса конференцияби.

Поэтасул юбилей кIодо гьабиялъул рахъалъ районалъул захIматалъул ветераназ гIун бачIунеб гIелалъе бихьизабулеб буго мисал. Масала, чанго къоялъ цере ветераназ гIуцIараб къагIидаялда сапар бухьун букIана ХIамзатил Расул гьавураб ва гIураб росу ЦIадаре. Гьениб лъайхъвай гьабуна живго Расулил гуребги исана 130 сонилаб юбилей кIодо гьабизесев гьесул эмен ЦIадаса ХIамзатилги рукIарахъиналъулабгун творческияб гIумруялъулгун.

Аслияб къагIидаялда гьеб сапаралда рукIаразда гьорлъ рукIана районалъул росабазул ветераназулал гIуцIалабазул нухмалъулел. ШагIиразул ракьалда рукIадго гьез загьир гьабуна гьениб бихьарабги ва лъарабщинабги жидежидер росабазул гIадамазе бицине бугилан. Гьеб лъикIги буго.

Юбилярасул ватIаналде ветераналрачиналъул гIуцIарухъанлъун букIана районалъул рагъулгун захIматалъул ветереназул совет.

Сапаралъул байбихьудаса рукъоре щвезегIан киназулго букIана кIудиял чагIазда рекъараб хьвадачIвадиги шагIирасул хIакъалъулъ цIикIкIун баянал лъазе бокьиги сундулъго сабруги, гIадатлъиги цоцадехун гIодоре риччараб, берцинаб балагьиги ва цоцал адаб-хIурмат цIуниги. Узухъда, ветеранал гьеб рахъалъ гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъунги насихIатчагIилъунги кколелъулха. Гьезулги, хасго ветеранзулал цIулабазул нухмалъулезулги гьечIони лъил рукIинел гьел нравственнияв пишаби.

***Ш. ГIАЛИЕВ.***

# РАМАЗАН МОЦIАЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

***Щив чи вугониги Рамазаналъ кIал ккун, Аллагьасдаги божун гIицIго гьесие гIоло, Аллагьас гьесул цере рукIаралги хадур гьаруралги (гьитIинал) мунагьал чурула,-ян буго нилъер хирияв МухIаммад аварагасул (с.т.гI. в.) хIадисалда.***

***Дунялалъул буссурбаби жанире лъугьана Аллагьас кIудияб нигIматлъун нилъее кьураб Рамазан моцIалде. Гьеб ккола Аллагьасул хирияв моцIаздаса бищунго хириябдлъунги тIадегIанаблъунги ва исламалъул щуябго рукнуялъул цояблъунги жиб кколеб кIал ккввеялъул моцI.***
***Гьелда бан гьеб моцIалъул хиралъиялъул ва адабазул бицеян гьаридал гьираялда разилъана гьваридаб лъаялъул гIалимчи АхIмадудин-хIажи.***



-Буссурбабаз щукру гьабула Рамазан моцI рещтIарав ТIадегIанав Аллагьасе,-ян байбихьана гIалимас жиндирго кIалъай-вагIза.- КIал ккве буго нилъер Аллагьасде ругел адабазул цояблъун Аллагьас нилъ куцала гIемераб жоялде. КIал ккве Аллагь разилъиялъул мурадалде щвеялъул рукнабазул цояблъун ва жиб тIубаялъух кIудияб кири щолеб, кIудияб даражалде рахунеб, дунялалъулги ахираталъулги шапакъатал щолеб букIин гуребги гьеб балагьараб буго инсан рухIияб рахъалъ куцаялде ва гьесул сахлъи цIуниялдеги лъадариялдеги ва хIалбихьиялдеги. Ракъун-къечон чIеялъ тIадагьлъизабула инсанасул черх ва гьелдалъун бигьалъизабула лугбазул хIалтIи.

Рамазаналъул кIодолъиялъе ва хиралъиялъе нугIлъи гьабулеблъун ккола гьелда жаниб Аллагьас Лайлатул къадруялъул сордо бижун букIиналъги. Гьеб сордо бачIун букIин лъарав ва гьеб мехалда гьабураб гьари къабул гьабулеб буго Аллагьас. Гьеб лъачIониги гьелде данде ккараб гьари дугIаги къабул гьабулеб буго. Гьеб букIунебги буго Рамазаналъул ахирисеб 10 къоялъул цоялда, кIийиде рикьуларезда гьорлъ. Гьелде данде ккараб кIал цогидаб азарго моцIалъ ккурал кIалазда бащалъулин абулеб буго Къуръаналда.

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магIна): Ле, иман лъурал гIадамал, нужеда тIадаблъун гьабун буго Аллагьас кIал кквезе, нужеда цере рукIарал умматазе тIадаблъун гьабун букIарабго гIадин, нуж мунагьаздасан цIунун хутIизелъун»,-ян (Бакъарат; 183).

Щив чи вугониги Рамазаналъ кIал ккун, Аллагьасдаги божун гIицIго гьесие гIоло Аллагьас гьесул цере рукIаралги хадур гьаруралги (гьитIинал) мунагьал чурула,-ян буго нилъер хирияв МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалда.

Аллагьас хира гьарула Рамазан моцIалъ гьарурал адабал. Гьединлъидал хIаракат бахъизе ккола Рамазан моцIалда гьаризе гIемерал лъикIа-лъикIал ишал. Гьездалъун нилъеца Аллагьасда бихьизабула Рамазаналъул гьабулеб къадру, гьелъул адаб цIунулеб букIин.

***Суал. АхIмадудин-хIажи районалъул бусурбабазда бицине бокьила Рамазан моцIалъ щиб гьабун лъикI ва сундасан инкар гьабун лъикI букIинеб?***

Жаваб. Гьаризе ккoлел адабал гIемерал руго. Рехсей гьабилин гьезул чамгоялъул.

Бищун лъикIаблъун рикIкIуна кIал кколеб моцIалъ Къуръан цIали, щуябго как мажгиталда жамагIат гьабун бани, цIикIкIун Аллагь рехсолел рукIин. КIал кколеб моцIалда тIоритIарал суннатал ТIадегIанав Аллагьас фаризаяб даражаялде щвезарула,-ян абулеб буго Аварагасул (с.т.гI.в.)хIадисалда.

Гьеб моцIалда таварихIалъул какде хьвадиялъул хиралъиялъул бицинего кколаро. Живго хьвади гуребги кIудияб даражаялъулаблъун ккола гьелде цогидалги гьуин гьари. Гьелъие кIудияб къимат кьун буго жидедаса Аллагь разилъаял асхIабзабазги. Масала, «КигIан кIудияб даражаялъул бидгIальунха кколеб таварихIалъул какде хьвади,-ян абуна ГIумар асхIабас. ГIелмуялъул цо-цо бакIаздайин абуни таварихIалъул как фаризаяблъунгицин рикIкIунеб буго.

Живго гьеб какде хьвадиялъул хиралъи гуребги гьенире хьвадулезда иман-исламалъул рахъалъ гIезегIан жо лъала гьенир гьарулел вагIза-насихIатаздасан.

-Рамазан моцIалъул тIоцебесеб сордо бачIараб мехалъ Алжаналъул нуцIби рагьула, жужахIалъул къала, щайтIабаздаги квешал жундуздаги гудрал рала. Аллагьасул рахъалдасан малайкзабаз ахIила: «Я мун лъикIлъиялда хадув лъугьарав чи, дуца лъикIлъиялда тIадчIей гьабе, я мун квешлъиялда хадув вилъарав чи, дуца квешлъи рехун те»,-ян.

Жинда Аллагьасул салам лъеяв ЖабрагIилица дихьеги вачIун абуна, «Рамазан моцI щведалги мунагьал чуричIев чи Аллагьас рикIкIад гьавегиян, дицаги жаваб кьуна Амин абун» Аварагасул (с.т.гI.в) хIадис.

Гьединго лъикIаб буго тIубараб кIал кколеб моцIалдаго дугIа-алхIамалда рукIин. БатIаго гьеб лъикIаб буго щибаб кIал биччан хадуб гьабулеб бугони. Гьелда бан буго гьадинаб хIадис: «КIал биччан хадуса гьабураб дугIа-алхIам ТIадегIанав Аллагьас нахъ чIваларо» абураб.

Гьаб моцIалда кIал ккурав чиясе инкар гьабизе ккола кинаб бугониги хIарамаб жоялдасан. Гьединго инкар гьабизе ккола кинал ругониги квешал пикраби рижинарулел хIалалал ругониги жалазде балагьиялдасан, гIенеккиялдасан ва бициналдасан. Аварагасул (с.т.гI.в) хIадисалда какун руго гьереси бицин; чиясда нахъасан кIалъай; мацI гьаби; шагьваталдалъун чияр чIужуялде балагьи гIадал пишаби.-Гьел пишабаз мукъсан гьабула,-ян абулеб буго жинда Аллагьасул салат-салам лъеяв аварагасул хIадисалда,-кIал ккурав чиясул кири.

Рамазан моцIалда гьединго инкар гьабизе ккола дагIба-рагIиялдаса, мунагьалдасан, чияде хьамисеми гьабиялдасан, вагьизе лъугьиналдасан.Гьездаса инкар гьабуларев чи дандчIвадал, дун кIал ккун вугин абун гьесда аскIоса нахъе ин лъикI буго.

Беццараб буго мискин – пакъирал, гIага-божарал, мадугьалзаби, гьудулгьалмагъзаби рукъоре ахIун кIал биччаялъе тIагIамал кьей. «КIал ккурав чиясе кваназе жоги кьун маркIачIуда кIал биччазабуни мунагьал чури ва жужахIалдасан эркен гьави гуребги, дов кIал ккун вукIарасе щибго мукъсанлъи ккечIого гьесие щваралда бащад кири хъвала Аллагьас,-ян абулеб буго Аварагасдасан бачIараб хIадисалда. КIал биххизе кьураб тIагIамалъул кIодолъи-гьитIинлъиялда бараб букIунеб гьечIо хъвалеб кири.

Бицине ккеларин ккола Рамазан моцIалда гьабураб рахIму-цIобалъулал ишазул хиралъиялъул хIакъалъулъ. Гьеб кIудияб буго. ГIадамазе, хасго мискIин-пакъиразе кьолеб-толеб жоялъул рахъалъ кидаго бергьун сахаватав вукIарав Авараг(с.т.гI.в) рамазан моцIалдайин абуни батIаго цIикIкIун сахаватавлъун лъугьунев вукIун вуго.

Гьаб заман буго захIматаб. Бугониги нилъеда гьорлъ руго цIикIкIун бечелъи кодоб бугелги ва гьездаго цадахъ мискIин-пакъирзаби. Гьединлъидал лъикIаблъун букIина мискIин-пакъиразе, мадрасабазе, мажгидазе, нухал, лъинал рахьиялъе рахIму-цIобалъулал кумекал гьаруни, хасго гьаб Рамазан моцIалда.

Цо-цояз кIал кколеб моцI сверизабула цIикIкIун ва тIаса рищун нигIматал кваналеб моцIалде. Гьеби беццараб жо гьечIо «Напсалъул хIалбихьулеб моцI бугелъул цогидал моцIазда кваналелдаса тIокIаб-лъикIаб квен кванаге»,-ян хъвалеб буго жинда Аллагь разилъаяв имам Гъазалияс.

Беццараб буго Рамазан моцIалда лъикIаб хьвадичIвадиялда рукIин. Масала, унтаразухъе ракки, эбел-инсул, хирияв чагIазул, устарзабазул зияраталде ин. БатIаго гьеб лъикIаблъун рикIкIуна рузман ва щамат къояз.

Рамазаналда, гьединго беццараб буго сардилъ вахъун Аллагьасе гIибадаталда вукIин. Рукъалъул хьизанкурпатгун лъикI вукIин, гьел рохизариялъе рагIуда ва жоялда барахщунгутIи.

Жеги гIемерал руго Рамазан моцIалъул адабал тIадехун рехсарал гьаризеги, Рамазан кIудияб нигIматлъун къабул гьабизеги, хадусел моцIазги хисичIого рукIинеги Аллагьас сахлъиги тавпикъги кьейги нилъее!

***Суал: АхIмадудин-хIажи, дуца щиб абилеб Рамазан моцIалда радакь рахъун кванаялъул рахъалъа?***

Жаваб: Радакь рахъин беццараб буго. КигIан дагьабниги жо кванангги рахъин лъикI буго. Абула гьениб баракат букIунин.

**АхIмадудин-хIажи, баркала дуе кIалалъул хиралъиялъул рахъалъ гIатIидаб насихIат ва малъа-хьвай гьабуралъухъ. Тавпикъ ва сахлъи кьеги дуе, районалъул бусурбабазе хъулухъалда вукIине!**

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

НИЖЕР ГАРА-ЧІВАРИ

# МЕДСТРАХОВАНИЯЛЪУЛ ПОЛИСАЛ РУГЕЗУЛ ИХТИЯРАЛ

*Больницаялда дие дару лъикІ гьабичІо, поликлиникаялда тохтур ватичІо, больницаялда вегизавичІо бакІал гьечІин абун, больницаялда вегун вугониги дараби дидаго росизаруна, дие МахІачхъалаялъул больницаялде направление кьечІо поликлиникаялъул тохтурас...Гьединал ва цогидалги гІарзалгун кагътал рачІуна районалъул «Гъудуллъи» газеталъул редакциялде.*

*Гьеле, гьел суалазда хурхараб букІана нижер мухбирасул «Солидарность для жизни» ЗАО МСКялъул ДРялда бугеб филиалалъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев тохтур-эксперт ХІ. Къурбандибировасулгун гара-чІвари.*



***-ХІайбула, кина-кинал ихтиярал ругел гражданинасул медициналъулаб кумек щвезабиялъе?***

-Ихтиярал гІемерал руго, амма гьел ихтиярал рукІуна жинда кодоб медициналъулаб страхованиялъул полис бугев чиясул. Масала, пуланав гражданин унев вугони медициналъулаб кумекалда хадув,гьесухъ букІине ккола полис ва жив щив чи вугев лъалеб документ. Гьесие хІажатаб камилаб медициналъулаб кумек гьабизе тІадаб буго амбулаториябгун поликлиникаялъулаб учреждениялда. Нагагь гьабулеб гьечІони, ине ккола гьелъул заведующиясухъе,гьесги тІубачІони,-бетІерав тохтурасухъе, гьенибги тІубачІони вачІине ккола нижехъе.

***-Цо-цо хІужаби рукІунин абулеб буго больницаялда бакІал рукІадгоги, гьел гьечІинги абун унтарал къабул гьарунгутІиялъул?***

-Абизе кІоларо гьел хІужаби рукІунин абун. Нагагь, направление кодоб бугев чи больницаялде къабул гьавунгутІиялъул хІужа кколеб бугони, гьев унтарав, яги гьесда цадахъ вугев чи ине ккола больницаялъул бетІерав тохтурасул унтарал сах гьариялъул рахъалъ заместителасухъе, гьес тІубачІони вачІине ккола нижехъе. Гьесие гьениб кумек гьаби тІадаб борчІлъун ккола нижер.

Гьеб гуребги щибаб къойил радал больницаялъул киналго отделенияз поликлиникаялъул заведующиясухъе битІизе тІадаб буго больницаялда чІорого ругел бакІазул баян.

***-Абулеб буго Россиялъул Федералияб Законалда рекъон гражданинасул ихтияр бугин сах гьариялъул учреждениеги ва гьединго дараби гьаризе тохтурги вищизе. Гьедин бугищ гьеб?***

-Буго. Нилъер Законалда рекъон медстрахованиялъул полис кодоб бугев гражданинасул ихтияр буго амбулаторно-поликлиникаялъулаб учреждение тІаса бищизе. Гьелъие къваригІуна гьес тІаса бищараб поликлиникаялда регистрация гьабизе. Гьесул амбулаторияб картаги кьезе ккола гьеб поликлиникаялъул регистратураялда цІунизе. Гьеб поликлиникаялда гьесул хъвай-хъвагІай (регистрация) гьабун бугин хъвала гьеб картаялъул нахъисеб тІамчида. Карта цІуниялъул жавабчилъи тІаде босула гьеб регистратураялъ.

Гьединго гьеб Законалда рекъон гьев гражданинасул ихтияр буго дару гьабулев тохтур тІаса вищизеги.

Амма нилъер гІадамазул гІадатаздеги гІамалалдеги данде кколареб гІадаб буго гьел ихтиярал хІалтІизари. Чан чи вукІунев сабру гьечІев, гІиси-бикьинаб жоги квеш бихьулев. Гьединал камуларо тохтурзабазда гьоркьоргi. Гьел рукІине кколаро. Гьелъул гІаксалда, тохтурзабаз кумек гьабизе ккола гражданазул, хасго унтаразул ихтиярал гьезда лъазаризеги ва гьел хІалтІизаризеги.

***Цо-цо унтарасе бокьуларо жиндирго унти цогидазда лъазе. Гьелъул бальголъи цІуниялъул рахъалъ тохтурасда тІадаб жого букІунищ?***

Узухъда, букІуна. Гражданинасул, ай унтарасул законнияб ихтияр буго гьесул унтиялъулги, гьеб унтиялъул хІалалъулги бальголъи цІуни тІалаб гьабизе. Гьелъие гІоло жавабчилъи тІаде ккола тохтурасдеги медперсоналалдеги.

***-КигІан битІараб ва мекъаб бугеб лъаларо, абулеб рагІуна больницаялда регун дару гьабулеб заманалда, (гьаниб абулеб гьечІо нилъер больницаялъул хІакъалъулъ) дару гьабулев тохтурас унтаразе гьарулел ругин пайда дагьал, учузал дараби, амма унтиялъул историязда хъвалел ругин гьебго тайпаялъул пайда цІикІкІарал ва хириял дараби ва гьездасан жидеего пайда босулеб бугин. Гьелде щиб дуца абилеб? РакІалде кколищ гьедин букІунин?***

-Гьедин букІинеги бегьула, амма кинав тохтур гьелде инев лъаларо. Гьединаб хІужаги щакдариги гьечІого рукІиналъе буго Законалъ чІезабун бугеб гьадинаб низам. Унтиялъул историялда жаниб букІуна дараби рихьизариялъул (назначениялъул) тІамач (листок). Дару гьабулев тохтурас гьениб бихьизабизе ккола унтарасе хъвараб-гьабураб щибаб дару. Унтарав къватІиве виччалелъул (выписать) гьеб тІамач кьезе ккола гьев унтарасухъе лъай-хъвай гьабизеги ва гъоркь гъулбас гьабизеги. Гьениб мухІканлъи гьабун хадуб рази ватани,гьес гъулбас гьабула, ватичІони «инкар» гьабунин хъвала.

Нагагь дару гьабулев тохтурас яги гьелъие ихтияр бугей медсестраялъ унтарасда гьеб листок (тІамач) бихьизабичІони гьесул ихтияр буго гьеб тІалаб гьабизе.

Нагагь унтарасе хІажатаб дару, дараби больницаялда гьечІони, унтарас яги гьесул гІагарлъиялъ гьеб босизе бегьула къватІисан. Гьел росулеб бакІалдасан тІалаб гьабизе ккола гьел росиялъул квитанция. Гьеб квитанциялда бугеб, ай дарабазухъ бугеб гІарац тІад буссинабизе тІадаб буго больницаялда. Нагагь гьединаб хІужаги ккани, гІарац тІад буссинабизе инкарги гьабуни вачІа нижехъе. Гьениб кумек щвезе буго гьесие.

***-Цого Дагъистаналдайищ полис хІалтІулеб?***

-Гьеб ва тІадехун рехсарал ихтиярал хІалтІула Россиялъул тІолабго территориялда. Нагагь Дагъистан тун къватІиб гьелъул, ай чІобого медициналъулаб кумек щвеялъул рахъалъ захІмалъаби ккани гьев чиясул медстрахование гьабураб бакІалде, ай нижехъе, битІахъего, дихъе, яги хІалтІухъабазухъе ахІе.

Телефоналъул номер: **2-20-83**.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

# «СОЛИДАРНОСТЬ ДЛЯ ЖИЗНИ» СТРАХОВИЯБ КОМПАНИЯ

Гьеб закрытияб акционерияб медициналъулаб страховияб компания гІуцІана 1992 соналда. 2005 соналда Дагъистаналда рагьана гьелъул «Солидарность для жизни» яги «Свита» абулеб филиал.

ЗАО МСК «Солидарность для жизни» филиалалъул Дагъистаналда директорлъун вуго ХІажиев ХІажи ГІалиевич.

Гьеб филиалалъул районалда бугеб территориалияб отделалъул нухмалъулевлъун вуго дун-тохтур-эксперт.

Гьал къоязда нижеца гьаруна отделалъул 2012 соналъул хІалтІул хІасилал. Отделалда страховияб регистрация (хъвай-хъвагІай) гьабун буго 3955 чиясул, гьездасан 3700 чи-медициналъулаб страхованиялъул полисазе, 255-консультациялъе.

Консультациялъе рачІаразе бищунго цІикІкІун интерес букІунеб буго ОМСалда жаниб медициналъулаб учреждение, тохтур тІаса вищиялда, медучреждениялъул хІалтІи гІуцІиялда, медициналъулаб кумек хІажалъулел дарабаздалъун хьезариялда, медучреждениязда бугеб санитарияб, гигиеническияб хІалалда хурхарал суалазул.

Медучреждениязда медициналъул качественнияб хъулухъ гьабиялъул, гьелдасан пациентазул разилъи гьечІолъиялъул, медициналъул тІадаб страхование гІумруялде бахъинабиялъул рахъалъ гражданазул пикрабазул, гьез кьолеб къиматалъул рахъалъ камилал баянал щвей мурадалда тІобитІана социологическияб анкетирование. Гьениб гІахьаллъи гьабуна 658 чияс. Гьездасан амбулаториялгун поликлиникаялъул сеталда-3087 чи (46,8%).

Жидеего гьабураб медициналъулаб хъулухъалъ-ул рахъалъ лъикІаб пикру буго -234 (75,9%) чиясул, гьоркьохьеб къимат кьун буго 91 (6,8%) чияс.

Жидергун цІех-рех гьабуразул гІемерисез медучреждениияз жидеего гьабураб медициналъулаб хъулухъ рикІкІунеб буго гьоркьохьеблъун. Больницаялъ гьабулеб бугеб медициналъулаб хъулухъалъул рахъалъ жидергун цІех-рех гьабурав 350 (53%) чиясул 303 (86,5%) чияс загьир гьабуна больницаялда гьабураб медициналъулаб хъулухъалъул роценалдасанги качествалдасанги ва хІажатаб заманалда гьеб щолеб букІиналдасанги жидерго разилъи, 19 (5,4%) чияс-разилъи гьечІолъи.

Жидергун цІех-рех гьабуразул гІемерисез абулеб буго медспециалистазул гІей гьечІеб хІалтІул, пациентаздехун медперсоналалъул хьачІаб ва лъикІаб гьечІеб хІал букІиналъул, гьединго медициналъулал хъулухъал захІматго щолел рукІиналъул хІакъалъулъ.

ТІадаб медициналъулаб страхованиялъул системаялда районалъул гражданазул ругел ихтиярал гьезда ричІчІинариялъул мурадалда 2012 соналда гьезул хІакъалъулъ районалъул газеталда материалал рахъунги телевидениялдасан кІалъанги, чІахІиял коллективазулгун дандчІваязда бицунги гІезегІан хІалтІи гьабуна.

Дагъистан Республикаялда гражданазе медициналъулаб кумек гьабиялъул пачалихъияб гарантия бугеб территориалияб программаялъулъ гІахьаллъи гьабулел медучреждениияз гьарулел медициналъулал хъулухъазул, гьезул качествабазул, гьел хъулухъазул сиях1азул ва гьел гьарулел къагІидабазул рахъалъ суалалгун консультация щвезе буго страхование бугел гражданазе «Солидарность для жизни» абураб медстрахованиялъул специалистазухъан.

ТІадаб медициналъулаб страхованиялъул системаялда чІобого юридическияб консультация кьола: 8-800-700-80-75 номералде ахІани, звонок букІуна чІобого, гьединго «Горячая линиялдасан» 8 (8722) 56-76-05 номералде ахІани.

РакІалде щвезабулеб буго:медициналъулаб страхованиялъул полисал кьола чІорого.

Страхованиялъул районалъулаб территориалияб отдел буго районалъул больницаялде жанире лъугьарабго кваранаб рахъалда бугеб минаялъул тІоцебесеб этажалда. Радал сагІат 8-ялдасан 17 тІубазегІан рачІине бегьула бокьараб суалгун. Щамат, базар-гІодоркьоял.

Централияб офисалъул адрес: **МахІачхъала шагьар, ГІалиевасул къватІ, 4 «А»ункъабилеб этаж**.

***ХІайбула КЪУРБАНДИБИРОВ, ЗАО МСК «Солидарность для жизни»ялъул ДРялда бугеб филиалалъул тохтур-эксперт.***

# ГIОЛИЛАЗУЛ ФОРУМ ТIОБИТIАНА

*Авал 1-себ.гьум.*

ГIолилаздехун хитIаб гьабуна ДРялъул Печаталъул ва бухьеналъул министрасул




заместитель Миясат Муслимовалъги.

-МугIрузда гIурал гIолилал рукIуна гъункарал, лебалал, гIадатал цIунарал, рухIияб



рахъалъан церетIурал. Умумузул адабги хIурматги гьабулел ва гьезул нухдасан унел. Гьадинал форумал тIоритIиялъ нилъее рес кьола гIолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъизабизеги нилъго цолъизеги.

КIалъазе вахъана «Дети гор» проекталъул автор Руслан ХIамзатов.

-Жакъа нилъеда гьоркьор гIемерал руго улкаялъул республикаялъул ва районалъул ургъелги бугел, гьеб церетIезариялъе мурадалда хIалтIизе гьираги бугел гIолилал.Гьединлъидал гьаб форум чара гьечIого хIажатаб букIана гIолилазе. Гьелъ рес щола батIи-батIияб районаздасан жалго гIадал гIолилал лъазе, гьезулгун гьудуллъи кквезе ва цадахъ рекъон хIалтIизе. Форумалъул аслияб масъала буго гIолилазул районалъул жамгIиябгун политикияб, гIумруялъулгун лъай-хъвай гьаби, нухмалъиялъулъги хIалтIулъги хIалбихьи щвей. Гьаниб гьезие рес щвана росабалъ ругел гIолилазе чIезарурал шартIал рихьизе, гIолилазул гIумру лъикIлъизабиялда сверухъ гIуцIарал ва хIалтIизарулел батIи-батIияб программабазул проектазул хIакъалъулъ баянал щвезе.

ДРялъул хIукуматалъул бетIерасул советник Марина Садыкъовалъул рагIабазда рекъон, форумалъ рес кьолеб буго мугIрузул гIолилазе жидерго пикраби загьир гьаризе, цоцазул проектазулгун лъай-хъвай гьабизе ва, аслияб жо жалго кинабго рахъалъан рихьизаризе.

Программаялда рекъон форумалъул гIахьалчагIазе-гIолилазе тIобитIана VIP-лекция.

Гьезул суалазе жавабал кьуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас ва тIаде рачIарал гьалбал Миясат Муслимовалъ, Марина Садыкъовалъ.

ГIуцIун рукIана «Молодежная политика в сельской местности», «Гражданская активность», «Основы социального проектирования», «Технология дебатов» абурал темабазда тIасан лъай кьеялъул площадкаби.

Школалъул кабинетазда цо-цо группабазде 30-



30 гIолилалги рикьун, насихIатал гьаруна хIалбихьи бугел тренерал ТIалхIат МухIамадовас, ПатIимат ГIумаровалъ, ХIажимурад Ражабовас ва Тимур Меджидовас.




Клубалда тIобитIана «За и против» абураб ток-шоу. Гьединго гIуцIун букIана концерталъулаб программаги. ГIолилазул къо баркун цее яхъана Дагъистаналъул эстрадаялъул цIва Ирина Алишихова.

Ахир лъуна 27 июналъ «Эверест» рестораналда форумалъул гIахьалчагIазегун тIаде рачIарал гьалбадерие гIуцIараб банкеталдалъун.

***З. МУХIАМАДОВА.***



# ЛЪЕБЕЛ ЧАНАХЪАНГИ ЦІЕДЕХІ ХЪУМУРГИ

(Басня)

*ТІОЦЕБЕСЕБ БЕТІЕР*

МугІрул улкаялда
ГІиял «цІунизе»,
ЦІедехІ бацІ тІамуна
ТІасан гІурусаз,

МагІарул рехъалъа
ГІиял хъамизе,
Цо хъумур букІана
Хъулухъалда тун.



«ХъахІаб рукъгун»рекъон,
Бакъараб чакъал,
Чолониб щолаан
КьагІи рищизе,

Кьурул парсаздасан,
Сардил «санитар»,
Бальго къокъунаан
ГІиял «къунцІизе»

Таманал сонаца
Сариси кунеб,
Квешаб гІангурбацІалъ
БацІана рехъен,

Бидухъ гІашикълъараб
Рекъаб тушманалъ,
Талавур гьабуна
ГІи-цІаназул бо.

Гьаб гІиял къавуде
АскІоб къарабго,
Гьаби, къан рачІчІалгун,
ГІавусдулаан

Дарги маньякалъул
МахІ баккарабго,
Чанги тулаялъул
Тату холаан.

Таманал ихалгун
Мехелал ана,
Мах базе чи щвечІо
ЧанкІкІараб бацІий,

Чи гурхІулеб хІалалъ
ГІиял рукІана,
ГІи гурхІулеб хІалалъ
ГІалам букІана!

Дагьлъана,мигьлъана
МагІарухъ гІиял,
ГІухьбузул баккана
Бальгояб зигар,

Зарар-зулму гьукъун,
Квербакъиялъе
КинабгІаги тІокІаб
БукІинчІо сабаб

Сири рещтІараб халкъ
Халккун букІана,
Халикъасул къотІи
КъваригІун бугин,

Къваридал гІухьбиги
ГІунун рукІана,
ГІунтІилин цо балагь
Дарги бацІалде….

Гьеле гьеб мехалда
Вахана чоде,

Цо согІав чанахъан,
Лъебел мухъалъул:

Жинца михъал кІкІвалин,
Нагагь кІвечІони,
Гьаб гІалам хІинкъараб
Чакъал букъизе,

Борчиларин тІокІаб
Черхалда ярагъ,
Ягъзин рехичІони
БецІаб чолониб.

Гьанаде ругьунаб
Гьантурад жакъа ,
Жиндир квералдаса
Камизе бугин,

Бидго гІорцІулареб
ЦІахІилаб яман,
Цо цІакъаб хІобода
Дализе бугин.

Даимго хухазда
Хадуб лъугьараб,
«Ханыга» чол малакь
Мерхьизе кколин,

Гьаб бусурбан боцІул
Би цІцІулеб тІохІок,
ТІокІалъ лъалхьичІого
ТІомода лъелин,

ЛъагІелаз гІухьбузде
ТІамураб балагь,
ТІаса босиялъе
Кьеркьезе вугин,

Къойил рурудулеб
ГІалхул жанавар,
ГІасияб кІкІалахъе
Рехизе бугин,

Расги гІайиб гьечІел
ГІисинал кьагІи,
Берцинаб макьида
Кьижизе ругин…

ТІоморал божичІо
ТІоцере гьасда-
Ташасул къуваталъ
Кьор гьеладайин,

Лъебелал рельана
КІар-кІариялда-
КІудияб хъурмида
Дур хъат баларин.

ХІасил - калам, кибго
Иманго лъечІо-
ЛъикІал чанахъаби
Чанги рукІанин,

ГІадан-чи божичІо
Бода цІар араб
ЦІедехІ кквезе кІолеб
Къуват букІинин…

*КІИАБИЛЕБ БЕТІЕР*

Лъилго хьат балареб
ВахІшияб хъумур,
ГІужилав лъебелас
«Лъукъун» рехана,

Тахида хан гІадин
Хьвадараб цІедехІ,
«ЦІадул бакьулъ» лъуна,
Дагъаб боркьизе

Саназ, гурхІичІого,
Рехъен гъурараб
Гъуна бецІаб бокьоб,
Бакьулъа бухьун,

Би гьекъон ццулъараб
Варвар бугилан,

Щибаб кІалтІа тана
КІи-кІи хъаравул.

Кьор гъедал «гъарималъ»,
Гъванщаги хъасун,
ГІиял хъамиларин
Хъвана манифест,

ХъантІиялъ мехтараб,
Рахсикье ккедал,
Гаргазе жубана
Жиб «ангел» бугин

МугІрул чанахъанас
ЧанкІкІараб гьелде,
Думалъ божиларин,
Бадибе туна,

Мун бода цІар араб
ЦІогьор букІиналъ,
ЦІоко бахъилилан
Хъатал лълъулълъана

Хабар тІибитІана
ТІолго мугІрузда,
Лъебел чанахъанас
Хъумур ккунилан,

Хъат чІвана гІаламалъ,
Эхеде рахъун,
Киналго зурулеб
Зулму анилан.

ЦІедехІ баккарабго,
ЦІа-кан борхулел,
Хухал расандана-
«Свободайилан».

Сурмияб бихьигун,
Бохьун гІетІ балел,
КьагІаз байбихьана
«Лезгинка» къурди

Хъурмил закон анин,
ГІияхъабаца,
ГІаламго бахилаб
Рохел гІуцІана,

Россия хІинкъараб
Жанавар къунин,
Жадул бокал ккуна
Киназго кодоб…

*ЛЪАБАБИЛЕБ БЕТІЕР*

Хадуб данделъана
Хъурмазул стая-
Хъамалчилъиялъул
Курсал лъугІараб,

Кворум букІиналъе,
КвачІалги рорхун,
РахІатхварал бацІаз
Байбихьана гап…

Гурулъан баккана,
Цо гургинккараб,
Паризат цІар бугеб,
Цо цІуяб гІангур

Кутакаб акцентгун,
ГІурус мацІалда,
Байбихьана гъужум
Гьалъ киназдего:

-Жакъа чакъалазул
Чара бухІарал
Къоял рачІун ругин ,
«РачІ» борхатго кквe!

Риди тІаде кканин,
ТІорахь гьанкъанин,
Гьарачилъиялде
Дагьалъ нуцІа къай.

Нилъер эбелаб бацІ
Эмехвадаца

Хвалил кІичІикь лъунин,
Бугьтаналги лъун,

Долъул сас баккигун
Сири рещтІунез,
Сурав бугин гьанже
СогІго босулеб.

Бакъун рагІулин Доб,
Къечон рагІулин,
Къваридаб картІиниб
ТІепун рагІулин,

ТІири гурхІел гьечІел
Ветеринараз,
Вакцинаца борлълъун,
Гьорон рагІулин.

Халкъул гІаламалде
АхІи базелъун,
АхІун буго жакъа
Нилъеца мажлис:

ООналде хъвала,
ХъачІаб куцалда
Хъурмил ихтиярал
Хвезе гьарунин,

Хасаб тел къабила
Женеваялде,
Нижер жанаварал
Жалго тейилан

Жидомассоназухъ
БитІила ругьел,
Жидерго бацІалъул
ТІалаб гьабеян .

ТІокІаб рес ккечІони,
Сима чІегІерав,
Барак Обамада
Аман гьарила…

Паризат буцІцІингун,
БацІазда гьоркьоб
РакІ гьанцІулеб гІадаб
СихІкъотІи ккана…

Сабаб камураб жо
ГІажал бугилан,
Эхеде борхана
Цо хераб хъумур:

-Хирияв чакъалал,
Дир пишацоял!
Цо калам гьабизе
Пикру ккана дир.

ГІайиб чІваге, амма
Дий бичІчІуларо-
Кинаб ООН нилъей,
Кинаб Женева?!

Живго Путиница,
Премьер Димаца
Медалал, орденал
РикьичІищ Долъий?

Россия урхъараб
Хъумур бугилан,
Хъанч бачІищ каранда
Цо чанго нухалъ?

«Идина Россия»,
Дагъистаналда,
Даим рищиязда
Долъ цІацІачІебищ ?

Щибго цІайи гьечІеб,
Гьодораб парти,
Долъул «капказ»гурищ
Ккунго букІараб?

Израиль щай нилъей,
Москов киб бугеб?
Эркен гьабиларищ
Дол бацІаз гьаб бацІ?!

Алексий хваниги,
Кирилл гьечІевищ ,
Килисалда Долъий
«ДугІа» гьабизе?

Паризат ццим бахъун.
ХъачІго кІалъана:
-Мун цІакъго наивни
Хъумур бихьула



«ХъахІаб рукъгун»
дандбан,
ЛъагІелаз цебе,
Лъураб пьеса буго,
Жакъа бихьулеб,

Пардав ричІарабго,
БичІчІана дида,
Зурма тІасан букІин,
ТІохІоказ пулеб.

Володя Путинги
Паналъун айги-
Гьаб питна бекьарав
ГІиязул бокьов.

Дима Медведевги
Дандамун хвайги-
Хъурмазул къавуда
МагІирукъ лъурав

Лъебелчанахъанги
Лъараца айги,
Вертолет ахІарав
Инвалид ккезе,

Инсул рукъ бухІаги
ОМОНалъулги,
ТуманкІ кьвагьичІого
«Бункер» босарал.

Цин Доб хъумур ана,
Хъалаялдаса-
Хадуб хьвала ордер
Нилъ киназего,

Нахъеги боржина
«ХъахІилаб» нилъехъ-
«Бутырка» цІезегІан,
ЦІацІала бацІал.

БачІина цо заман,
Зобалазда гьоркь,
БацІаз гуреб хухаз
Ханлъи гьабулеб,

Хадур нилъ росила,
Рохун киназго,
«БагІараб тІахьиде»
Хьон бакьванилан…

АХИР

Россия «чІухІараб»
ЧІвадарухъаналъ,
ЧІвана рекъаб хьибил
Хьорщол бусада,

Хъамалчилъиялъе
Бижараб тиран,
«Тарихалде» ана,
Бидуца хъвараб

*ГІумахан ГІандийский*

# МЕДАЛИСТАЗДА БАРКАНА

Гьаб соналъул 24 июналда районалъул администрациялда букIана рохалилаб данделъи. Гьениб районалъул бетIер М. ПатхIулаевас районалъул школазул 25 выпускникасда баркана меседил медалазда школа лъугIинаби.

-Районалъул бетIераб меседлъун ккола,-ян абуна гьес жиндирго баркиялда,-цIалулъги гIумруялъулъги бергьенлъаби росизе ва гьездалъун районги, республикаги ва улкаги цебетIезабиялъулъ мустахIикъаб бутIа лъезе бажарулел гIолилал рукIин. Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас чIахIиял масъалаби цере лъолел руго нилъер республика цебетIезабиялъул рахъалъ. Божула нуж гIадал гIелалгун цадахъ гьел масъалаби тIуразаризе захIмат букIине гьечIолъиялда.

Выпускниказе меседил медалал кьолаго, М.ПатхIулаевас гьезие гьарана икъбал буголъи, битIккей, цIалулъги гIумруялъулъги гIемер рахъазулал бергьенлъаби.

Гьединго,районалъул бетIерас божилъи загьир гьабуна гьел улкаялъул батIи-батIиял тIадегIанал заведениябиги лъугIинарун ва камилал махщелазул специалисталлъунги рахъун гIагараб районалде тIад руссине рукIиналда.

Меседил медалазда цадахъго районалъул бетIерас выпускниказе кьуна районалъул администрациялъул рахъалдасан гIарцулал премиябиги.

Гьединго медалистаздехун баркиялъулаб рагIи абизе цере рахъана РУОялъул начальник ХI-ГI. ИзмагIилов ва Болъихъ №3 школалъул директор П. Шамхалова.

Гьеб рохалилаб данделъиялда кIалъазе рахъана медалистазул эбел-инсул рахъалдасан вакилзабиги ва школазул директоралги. Гьез выпускниказда баркана цIалул тIадегIанал хIасилал ва загьир гьабуна баччараб захIматалъе гIоло баркала.

Гьединго гьез баркала загьир гьабуна сундулъго гьабулеб бугеб кумекалъухъ ва рахъкквеялъухъ районалъул нухмалъиялъе ва РУОялъе.

Рохалилаб данделъи лъугIана цадахъал суратал рахъиялдалъун.



## колонка прокурора

### ЧЕРНОБЫЛЬЦАМ, ВСТАВШИМ НА УЧЕТ В КАЧЕСТВЕ НУЖДАЮЩИХСЯ В УЛУЧШЕНИИ ЖИЛИЩНЫХ УСЛОВИЙ ПОСЛЕ 1 ЯНВАРЯ 2005 ГОДА, НЕ МОЖЕТ БЫТЬ ОТКАЗАНО В ПОЛУЧЕНИИ ЖИЛИЩНОГО СЕРТИФИКАТА

**Это связано с тем, что Постановлением Конституционного Суда Российской Федерации от 30.01.2013 № 3- П признаны неконституционными положения пункта 7 статьи 17 Закона № 1244-1, устанавливающие механизм обеспечения жилыми помещениями граждан, подвергшихся радиационному воздействию вследствие аварии на Чернобыльской АЭС в той мере, в которой оспариваемые нормы в нарушение принципа равенства влекут необоснованную дифференциацию в правах указанных лиц в зависимости от того, когда они были приняты на учет в качестве нуждающихся в улучшении жилищных условий- до 1 января 2005 года или после этой даты.Независимо от даты принятия на учет граждан, относящихся к льготным категориям в соответствии с Законом РФ от 15.05.1991 № 1244-1, а также приравненным к данным категориям в соответствии с Федеральным законом от 26.11 1998 № 175-ФЗ, соответствующими органами исполнительной власти должно приниматься решение о признании указанных граждан участниками государственной программы «Жилище» и получении сертификата, удостоверяющего право на получение субсидии для приобретения жилого помещения в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 21.03.2006 № 153.**

**Д. Джабраилов, зам.прокурора района.**

## ГЬАЛЪУЛ АДАБ ГЬАБУЛА ХАРАБАЗ

МахIачхъалаялъул медициналъул училищеги лъугIизабун, ячIинахъего Г1унайзат лъугьана КЦСОНалде медсестралъун хIалтIизе. ГIунайзат хIалтIана жиндирго ишалде рокьигун, график гьечIого къасиги къадги. БатIаго бигьаго букIунаро харабазе медициналъулаб кумек гьабизе.

-Цее гIемер щолей йикIана дун янгъизго хутIарал ва социалияб рахIму-цIобалде ккарал чагIазе хъулухъ гьабизе. ТIубанго чияр цIобалде ккей, гьеб буго чIагого хвей гIадаб жо. Амма гьанжейилан абуни дица нухмалъи гьабулеб буго цо отделалъе. Дие дирго хIалтIи цIакъ бокьула ва хIаракат бахъула гьеб ракIбацIцIадго тIубазабизе. Дир нигат буго чидар цIобалде ккаразе, дирго эбел-инсуе кинниги, хъулухъ гьабизе,-ян бицана Г1унайзатица диргун букIараб гара-чIвариялда.

-Умумузул буго гьадинаб кици-нусцIул рагIаралдаса цин бихьараб лъикIилан. Гьединлъидал рилълъа цо харабазухъе раккизе. Нижер хIалтIухъабаз гьезие гьабулеб хъулухъ бихьизе,-ян абуна гьелъ.

Гьединан нигат ккана Шамхалов МахIачихъеги МухIамадова ГIайшатихъеги инзе.

Ниж гьенире щведал бацIцIадго бугоан азбар, къоно-рукъзал. Нижеда гьений квен гьабулей ятана социалияй хIалтIухъан Будунова ГIайшат.

Ниж жанире лъугьиндал, гIодор чIезе бакIги кьолаго, ГIайшатица абуна: «Дирго ясал гIадин рокьула дие тIалаб-агъаз гьабулел гьал. Гьединго баркала кьезе бокьун буго ниж рос-лъадул рахъалдаса тохтур ХIусенова Зайнабиеги, Расулова Мадинаеги. Бокьараб заманаялъ хIадурал рукIуна гьел хIалае рахъине»-ян.

-Нижер хIалтIухъаби, ай медсестраби щвезе ккола гьезухъе анкьида жаниб кIиго-лъабго нухалъ. Гьез гьезул борцизе ккола давление. Поликлиникаялде щвезаризе ккола анализал, цIакъго хIажалъи ккани тохтур рокъов ахIизе ва больницаялда регизаризе ккола. Нагагь тохтурас рокъоб дару гьабизе назначение хъвани, нижер социалияй медсестраялъ гьаризе ккола уколал, нагагьлъун ругъназул хIал батани гьабизе ккола тохтурасул малъиялда рекъон. Ниж хекко-хекко херазухъе щола тохтургун цадахъ. Гьеб киналъего нижее квербакъула ХIусейнова Зайнабица-ян лъуг1изабуна хабар ГIунайзатица.

Жиб-жиб росулъ ратила чияр цIобалде ккарал хараби. КигIан кири бугеб хIалтIиха бугеб гьазул!

***П. ДИБИРОВА***

ГЬУДУЛЛЪИ

*Газета гIуцIарал:*

*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БЕТIЕРАВ РЕДАКТОР***

***ГI. ГIУМАХАНОВ***

***Редакторасул заместитель***

**А. Агъларов**

***Отделалъул редакторал***

**Ш. Лабазанов**

**П. Чупалаева**

***Мухбирзаби***

**П. Дибирова**

**Ш. Хаджаров**

***Фотокорр.***

**Ш. МуртазагIалиев**

**Наборщица**

**П. Эльдарова**

**Верстальщица**

**А. Назирбекова**

**Программист**

**А. Ибрагьимова**

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*

*Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Тираж 1500*

*Наш эл. адрес druzhba555@mail.ru*